

**А махуэм зауэр увыIат**

2-нэ нап.



**Лъахэхутэм зэритхымкIэ**

3-нэ нап.



**Псыр - псэхэлъхьэжщ**

3-нэ нап.



**Къафэр бзэ хуэныкъуэкъым**

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№16 (24.298) • 2022 гъэм мазаем (февралым) и 15, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ министрым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министру гъэувын **КIурашын Анзор Владимир и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ** **КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм мазаем и 9-м*
*№11-УГ*



# ЩIыуэпсыр хъумэным теухуауэ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ видеозэпыщIэныгъэ Iэмалхэм тету иригъэкIуэкIащ республикэм закон къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и президиумым хэтхэм я зэIущIэ.**

«ПРАВИТЕЛЬСТВЭ сыхьэтым» депутатхэр щытепсэлъыхьащ «Нэхъ ткIийуэ яхъумэ щIыуэпс щIыпIэхэм теухуауэ» КъБР-м и Законыр гъэзэщIа зэрыхъум. Абы теухуауэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Шаваев Ильяс**. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, щIыуэпсым и щIыпIэ нэхъ телъыджэхэр, мащIэ дыдэу фIэкIа къэмыкI е кIуэдыж къэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэр, псэущхьэ закъуэтIакъуэхэр хъумэныр и мураду КъБР-м и Правительствэм унафэ къищтащ ди республикэм нэхъ ткIийуэ хъумэн хуейуэ иIэ щIыпIэхэр къызэрыхахыр, зэратхыр тэмэму зэтеублэным теухуауэ. Къэрал щIыпIэ хэхахэмрэ республикэ мыхьэнэ зиIэ щIыуэпс фэеплъхэмрэ кIэлъыплъыныр къызэрегъэпэщ «Дирекция государственных природных заказников КБР» IуэхущIапIэм. Абы егъэщIылIащ къэрал щIыуэпс щIыпIийрэ щIыуэпс фэеплъу 20-рэ. Дэтхэнэми мыхьэнэшхуэ яIэщ щIыуэпсым и къабзагъыр хъумэнымкIэ, республикэм и экологие щытыкIэр зэпIэзэрыту Iыгъынымкiэ.

Нэхъ ткIийуэ яхъумэ щIыуэпс щIыпIэхэм хеубыдэ гектар 152556,2-рэ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым иубыд щIым и процент 13 мэхъу.

Республикэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ къэрал щIыуэпс щIыпIэхэмрэ щIыуэпс фэеплъхэмрэ зыхуей хуэзэу хъумэнымкIэ абы кIэлъыплъхэм иджырей техникэ и лъэныкъуэкIэ Iэмал псори къыхузэрагъэпэщащ.

«Дирекция государственных природных заказников КБР» IуэхущIапIэм и унафэщI **Биттиров Iэубэчыр** и гугъу ищIащ нэхъ ткIийуэ зыкIэлъыплъ щIыпIэ хэхахэр хъумэныр къызэгъэпэща зэрыхъу щIыкIэм. ЩIыуэпс фэеплъ 15 къэрал реестрым хэгъэхьэным ехьэлIа Iуэхухэр и кIэм зэрынагъэсар, иджыри къэрал щIыпIэу плIымрэ щIыуэпс фэеплъу химрэ дэфтэр зэрыхуагъэхьэзырыр жиIащ.

Биттировым къыхигъэщащ хабзэр гъэзэщIа хъун папщIэ лъэпощхьэпо зыбжанэ зэфIэхын, нэхъ ткIийуэ яхъумэ щIыпIэхэм ятеухуа федеральнэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейр. Абы зэрыжиIамкIэ, щIыуэпс щIыпIэ хэхахэм я гъунапкъэхэр нэгъэсауэ ягъэбелджылын папщIэ зытетын хуей хабзэхэр зэрызэтемыхуэм гугъу ирегъэхь. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, республикэм и языныкъуэ къуажэхэм я гъунапкъэхэр нэхъ ткIийуэ яхъумэ апхуэдэ къэрал щIыпIэ хэхахэм щыхыхьэ щыIэщ, ахэр зыIэщIэлъыр муниципальнэ администрацэхэрщ. Апхуэдэу Iуэхур хъу пэтми, федеральнэ законодательствэм хуитыныгъэ къуитыркъым зэхъуэкIыныгъэ хэплъхьэну. А гугъуехьым пэщIэхуащ УФ-м и адрей хэгъэгухэри.

Егоровэ Татьянэ жиIащ Биттировым зи гугъу ищIа псори Парламентым и комитетым нэхъ тэмэму зэхигъэкIыу Iуэхум и хэкIыпIэр къызэрилъыхъуэнур. Апхуэдэуи КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм чэнджэщ иратащ Iуэхум хэлъ гугъуехьхэр КъБР-м и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм и министерствэмрэ нэхъ кууэ щызэпкърахыну.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Безгодькэ Владимир** Тамбукъан гуэлым и Iуфэр зыхуей зэрыхуамыгъазэм зэрытегузэвыхьыр игъэбелджылащ, абы и Iуфэхэр зэрыфIейм гу лъатэну елъэIуащ.

КъБР-м и Парламентым Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен** жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ иджыпсту хуабжьу ягу ирихьу зыщагъэпсэху щIыпIэхэр - экологие лъагъуэхэр - зыхуей зэрыхуэгъэзапхъэр.

Биттировым жиIащ иджыпсту зыхуей нэхъ хуэзауэ щытыр Къэнжал Iуащхьэр зэрыарар, абы и дыхьэпIэм деж шлагбаум ягъэувыу, дыхьэхэр ятхыу зэрыщIадзэрэ щIыпIэр куэдкIэ нэхъ къабзэ зэрыхъуар. Абдеж инспекторым зыгъэпсэхуакIуэхэм щагуретъаIуэ ягъэзэщIапхъэ хабзэр.

ЩIыуэпсыр хъумэныр зи нэIэ щIэт комитетым и унафэщI **ТекIущэ Артури** Iуэхум ехьэлIауэ щыIэ ныкъусаныгъэ зыбжанэ къыхигъэщащ. Депутатхэр зэпсэльа нэужь, зи гугъу ящIахэр зи нэIэ щIэт къулыкъущIапIэхэм хуагъэхьэну чэнджэщхэр зэхалъхьащ.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм ящыщщ «КъБР-м и муниципальнэ къулыкъущIапIэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIауэ» законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым и унафэщI **АфэщIагъуэ Михаилщ** абы теухуауэ къэпсэлъар.

Депутатхэр хэплъащ федеральнэ законхэм я проекткэм, хабзэубзыху жэрдэмхэм, нэгъуэщIхэми.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# НэгъуэщI къэралхэми ирагъашэ

**«Къэрал зэхуаку кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ проектыр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ къэрахьэжьа лэжьыгъэм ди республикэм щыпащэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрыр ящыщщ «Мэкъумэш-промышленнэ комплексым и продукцэр нэгъуэщI къэралхэм яхуегъэшэн», «Къэрал зэхуаку кооперацэмрэ экспортымрэ зауэжьынымкIэ лэжьыпхъэхэр» федеральнэ проектхэр щагъэзащIэ щIыналъэхэм. Апхуэдэу, 2021 гъэм и пэщIэдзэм ди хэгъэгум ехъулIэныгъэкIэ щызэфIагъэкIащ «Iуэхутхьэбзэхэм я экспорт» щIыналъэ проектым и гъэзэщIэнри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэкI-щызэхалъхьэ продукцэм псом хуэмыдэжу щIэупщIэ щаIэщ СНГ-м хыхьэ къэрал зыбжанэм, нэгъуэщIу жытIэмэ, экспортым и процент 83,9-м. Абы щыщу, процент 23,1-р - Къэзахъстаным, 14,4-р - Узбекистаным, 10,3-р - Къыргъызым, 8,3-р - Азербайджаным, 5,7-р - Беларусым ирагъашэ.

«Мэкъумэш-промышленнэ комплексым и продукцэр нэгъуэщI къэралхэм яхуегъэшэн» щIыналъэ проектыр гъэзэщIэным хухаха илъэсхэм къриубыдэу нэгъуэщI къэралхэм ягъакIуэ мэкъумэш продукцэр къыщагъэкI щIы Iыхьэхэм псы щIагъэлъадэ. А Iуэхум хуэгъэзауэ хозяйствэ 40-м сом мелуан 817,55-м тещIыхьа зэгурыIуэныгъэу 48-рэ иращIылIащ. Абыхэм мэкъумэш лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI я щIыгум щыщу гектари 10787,7-м, зи гугъу тщIы унэтIыныгъэм ипкъ иткIэ, псы щIагъэлъадэ. Къыхэбгъэщ зэрыхъунумкIэ, ар къалэну зыхуагъэувыжам нэхърэ проценти 5,5-кIэ нэхъыбэщ.

Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным хыхьэу, мэкъумэш-промышленнэ продукцэр къыщыщIэзыгъэкIхэм нэгъуэщI IуэхугъуэхэмкIи защIегъакъуэ къэралым. КъризэщIэткъуэжу къыхэдгъэщынщи, ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар Урысей Федерацэм къыщагъэкIщагъэхьэзыр ерыскъыхэкIхэм фIагъ лъагэ яIэнырщ, языныкъуэхэм дежи нэгъуэщI къэралхэм ейм ефIэкIыу.

МэкъумэшыщIэхэм зэрызыщIагъакъуэ Iуэхугъуэхэм хохьэ ахъшэ хъумапIэхэм процентышхуэ зытрамылъхьэ кредитхэр кърегъэIыхыныр, продукцэу къыщIагъэкIыр зыхуейм щынагъэскIэ гъуэгум текIуадэ пщIэр яхуэпшыныныр, ерыскъыхэкIхэм я щытыкIэр щыщIаплъыкIкIэ а Iуэхум хуэзэ уасэр яхуетыныр, дагъэ къызыщIаху къэкIыгъэхэр нэхъыбэу трасэным тегъэгушхуэныр, мэкъумэш-промышленнэ комплексым хыхьэ ухуэныгъэхэр нобэрей пщалъэхэм къитIасэу къыщагъэщIэрэщIэжкIэ защIэгъэкъуэныр.

2021 гъэм электрон щIыкIэм тету къызэIуаха къэрал зэхуаку сату утыкухэм республикэм и предприятэу 44-м я продукцэр щагъэлъагъуэу щIадзащ. КъищынэмыщIауэ, хьэрычэт мащIэмрэ курытымкIэ IуэхущIапIи 8-р хэтащ «WorldFood» (Москва), «Food-ExpIIo Qazaqstan» (Къэзахъстан) къэрал зэхуаку гъэлъэгъуэныгъэхэм, 4-м папщIэ Узбекистаным и щыхьэр Ташкент «бизнес-миссия» зыфIаща Iуэхугъуэ щрагъэкIуэкIащ.

КъищынэмыщIауэ, республикэм экспортым зыщIэгъэкъуэнымкIэ и центрыр щIыналъэм и предприятэу 14-м ядэIэпыкъуащ доллар мелуани 5,387-рэ зи уасэ зэгурыIуэныгъэхэр зызыпащIахэм ярищIылIэнымкIэ. Абы щыгъуэми къалэну зыхуагъэувыжауэ щытар а бжыгъэр доллар мелуани 5,376-рэм нагъэсыныртъ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**





# ЩIымахуэ джэгухэр къызэщIоплъэ

BEIJING 2022



**Олимп чемпионхэм я IутIыжыгъуэщ.**



**Пекин щекIуэкI ЩIымахуэ Олимп джэгухэм иужьрей махуэхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ: Урысей Федерацэм и атлетхэм медаль зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ зыIэрагъэхьащ.**

ЩЭБЭТ кIуам ди къэралым и дыщэ медалхэр зыкIэ хигъэхъуащ Урысей Федерацэм лыжэмкIэ и цIыхубз командэ къыхэхам. 4х5 эстафетэм хэтащ **Ступак Юлие**, **Непряевэ Наталье**, **Соринэ Татьянэ Степановэ Вероникэ** сымэ. Къызэдэжэм и кIэух Iыхьэр къызылъыса Степановэм куэдкIэ и зэфIэкI лъагэ хэлъщ ди къэралым икIахэр а спорт лIэужьыгъуэм пашэ зэрыщыхъуам. Эстафетэм и иужьрей къекIуэкIыгъуэм Вероникэ Iэзэ дыдэу щхьэщыкIащ иджыри къыздэсым ипэ иту къакIуа нэмыцэ лыжницэ Крель Софи. Уеблэмэ, дыжьын медалыр къэзыхьа Германием и командэ къыхэхэм секунд 18-кIэ япэ ищыжыфащ. 4х5 лыжэ эстафетэр Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам къызэринэкIащ дакъикъэ 53-рэ секунд 41-кIэ. Апхуэдэ иужьу къыщыхъуар илъэс пщыкIух ипэкIэт.

Олимп джэгухэм и ебгъуанэ махуэм хиубыдэу вэсэмахуэ екIуэкIа зэпеуэхэми ди къэралым и спортсменхэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьащ. ЛыжэкIэ километр 12,5-м къызэдэжэм домбеякъ медалыр къыщихьащ **Латыпов Эдуард**. Никитин Виктор и гъэсэныр къызэдэжэм медаль къыщызыхьа япэ урысей спортсмен хъуащ. Япэу лъагъуэм техьа Норвегием и лIыкIуэ Бе Йоханнес дакъикъэрэ ныкъуэкIэ иужь иту ежьа Башкортастаным щыщ спортсменым и ехъулIэныгъэр куэдым я фIэщ хъуртэкъым. АрщхьэкIэ Iэзэу нэщанэхэм зэреуам и фIыгъэкIэ ар медалхэм щIэбэныну Iэмал игъуэтащ, уеблэмэ иужьрей къэувыIэпIэм еплIанэу зэуа нэщэнэм блэмыцIэфтамэ, зэпеуэр иухыхукIэ хьэрхуэрэгъу лъэщ хуэхъуфыну щытащ зы нэщани темыхуэу блэзымыгъэкIа франджы Фийон-Майе Кантен. Дыщэ медаль къэзыхьар тIэунейрэ олимп чемпион Пекин щыхъуакIэщ. КIэух секундхэм Латыповым къефIэкIыжащ Норвегием и лIыкIуэ Бе Тарье.

Тхьэмахуэм зэхэта зэпеуэхэм гугъэшхуэхэр уигъэщIырт лъэрыжэкIэ къызэдэжэнымкIэ ди къэралым и спортсмен нэхъыфIу къалъытэ **Голиковэ Ангелинэ**. 2006 гъэм Турин щекIуэкIа Олимп джэгухэм Журовэ Светланэ дыщэ медаль къызэрыщихь лъандэрэ ди спорстменхэр абы пашэ щыхъуатэкъым. Иджырей олимпиадэр Голиковэм и дежкIэ ещанэт. Сочэ ар 18-нэу къыщысащ, Пхенчхан - ебланэ щыхъуат. АрщхьэкIэ иужьрей олимп лъэхъэнэр фIы дыдэу къезыхьэлIа Ангелинэ щытыкIэфIым иту Пекин кIуат. КъищынэмыщIауэ, а зэпеуэм хэтащ ди къэралым щыщхэу Фаткулинэ Ольгэрэ Качановэ Дарьерэ.

Къызэдэжэм занщIэу пашэ щыхъуа Голиковэм зэман дэкIри секунд 0,09-кIэ къефIэкIащ япон спортсменыр. КъыкIэлъыкIуэу тIури лъэбакъуэ зырызкIэ къригъэкIуэтэхыжащ секунд 37,04-кIэ метр 500-р къызэзынэкIа США-м и лыкIуэ Джексон Эри.

А махуэ дыдэм екIуэкIащ цIыхухъухэм я 4х10 эстафетэр. А спорт лIэужьыгъуэ дыдэмкIэ цIыхубзхэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэм иужькIэ щIалэхэм хуаIэ гугъэхэми нэхъ зиIэтат. Илъэс 42-рэ хъуат лыжэ эстафетэхэм ди къэралым дыщэ медаль къызэрыщимыхьрэ.

Къызэдэжэм и япэ секундхэм щегъэжьауэ пашэныгъэр зыубыда **Червоткин Алексей** и щIэдзэкIэр къыдаIыгъащ къыкIэлъыкIуэ эстафетэр къызылъыса **Большунов Александр**, **Спицов Денис**, **Устюгов Сергей** сымэ. Иужьрей дыжьын медалыр къызылъыса Норвегием и лыкIуэм секунд 1.07,2-кIэ къыщхьэщыкIауэ финишым къэсащ. Зэхьэзэхуэм Франджым и командэр ещанэ щыхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ ехъулIэныгъэр шорт-трекымкIэ къыщихьащ Урысей Федерацэм. Илъэс 21-рэ зи ныбжь **Ивлиев Константин** финалым хэтахэм нэхърэ нэхъыщIэт, ауэ и лъэщагъыр къигъэлъэгъуащ. Илъэсихым щыщIэдзауэ спортым дихьэх щIалэ цIыкIум зэгъусэу хоккеймрэ шорт-трекымрэ зыхуигъасэрт, ауэ фэбжь игъуэтри етIуанэм нэхъ тригъэщIащ. ИкIи зытеува лъагъуэм Олимп джэгухэм я дыжьын медалым хуишащ. Дыщэ медалыр къэзыхьа Венгрием щыщ иджырей дунейпсо чемпионым ди щIалэр къызэрыкIэрыхуар секунд 0,093-кIэщ. Канадэм и командэ къыхэхар зэхьэзэхуэм ещанэ щыхъуащ.

Блыщхьэм екIуэкIа зэпеуэхэм Урысей Федерацэм и атлетхэм я ехъулIэныгъэхэм къыпащащ фигурнэу къэжыхьынымкIэ спортсменхэм. **Синицинэ Викториерэ Кацалапов Денисрэ** я дуэтым дыжьын медаль къыхуагъэфэщащ. Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаубыдащ зы дагъуэ къызыхуамыщIа франджы спортсменхэм. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я лIыкIуэхэм домбеякъ медалхэр зыIэрагъэхьащ.

Урысей фигуристкэ Валиевэ Камилэ и Iуэхур иджы дыдэщ щызэхэкIар. 2021 гъэм ирагъэтауэ щыта анализхэм кърикIуахэр допингым пэщIэтынымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм хэIущIыIу щищIар мазаем и 8-рщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, мазаем и 7-м Валиевэр зыхэта фигурнэу къэжыхьынымкIэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам Пекин щекIуэкI Олимп джэгухэм дыщэ медалхэр къыщахьащ.

КъыщIэща Iуэхугъуэм теухуауэ дунейпсо спорт арбитраж судым (CAS) тхьэусыхафэхэр ирагъэхьат Дунейпсо олимп комитетым, Допингым пэщIэтынымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм, Фигурнэу къэжыхьынымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм.

АрщхьэкIэ, щытыкIэ псори зэпалъытэри CAS-м Валиевэр хуит ищIащ Пекин щекIуэкI ЩIымахуэ Олимп джэгухэм я щхьэзакъуэ зэпеуэхэм хэтыну. СудыщIэхэм апхуэдэ унафэ къыщIащта щхьэусыгъуэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ урысей спортсменыр гувауэ анализхэм кърикIуахэм щыгъуазэ зэращIар, и щхьэр ихъумэжыну Iэмал кърамыту. АдэкIэ CAS-м къигъэлъэгъуахэм ящыщщ Валиевэр илъэс 16 зэрырымыкъур, абы къыхэкIкIи Допингым пэщIэтынымкIэ дунейпсо кодексым ихъумэхэм ар зэращыщыр. Апхуэдэхэм къуэды тралъхьэну хуиткъым. СудыщIэхэм къызэралъытамкIэ, Камилэ Пекин зэхьэзэхуэхэм къыхагъэкIамэ, спортсмен ныбжьыщIэм пхуэмыгъэзэкIуэжын гузэрыдзэ иригъэщIыфынут. АрщхьэкIэ Iуэхур зэхэмыкIыпауэ абы медалхэр къыратынукъым.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***XXIV ЩIымахуэ Олимп джэгухэм къыщахьа медалхэр** (мазаем и 15-м ирихьэлIэу)*

| Къэралыр | Дыщэу | Дыжьыну | Домбеякъыу | Псори зэхэту |
|---|---|---|---|---|
| **1. Норвегие** | **9** | **5** | **7** | **21** |
| **2. Германие** | **8** | **5** | **2** | **15** |
| **3. США** | **7** | **6** | **3** | **16** |
| 4. Нидерландхэр | 6 | 4 | 2 | 12 |
| 5. Австрие | 5 | 6 | 4 | 15 |
| 6. Швецие | 5 | 3 | 3 | 11 |
| 7. Китай | 5 | 3 | 2 | 10 |
| **8. Урысей Федерацэ** | **4** | **6** | **8** | **18** |



# А махуэм зауэр увыIат

**Мазаем и 15-м ди къэралым ягу къыщагъэкIыж советыдзэхэр Афганистаным къызэрырашыжар. Мы гъэм илъэс 33-рэ ирокъу илъэсибгъукIэ екIуэкIа зауэ гущIэгъуншэр зэриухрэ.**

А МАХУЭМ пщIэшхуэ яхуэтщIу дигу къыдогъэкIыж сэлэтхэр, сержантхэр, офицерхэр, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къэзыгъэлъэгъуа, Хэкум и пащхьэ щаIэ зауэлI къалэнхэр щIыхь пылъу зыгъэзэщIа псори.

1979 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м зауэм щыщIидзащ Афганистаным. ИлъэсибгъурэмазитIкIэ екIуэкIащ ар. А зауэм зыри тетхыхьыртэкъым икIи тепсэлъыхьыртэкъым. Уеблэмэ абы ягъэкIуа сэлэтхэм я благъэ, Iыхьлыхэм жраIэну хуиттэкъым здэщыIэри.

2010 гъэм мазаем и 15-р Урысейм щагъэуващ хамэщIым терроризмэм щыпэщIэта зауэлI-интернационалистхэм я фэеплъ махуэу. Ар пэж дыдэу лъапIэщ, сыту жыпIэмэ, а махуэм зауэр иухащ, лъыгъажэр къэувыIащ.

Зауэм и гугъуехьхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэу 1800-м къызэранэкIащ икIи абыхэм ящыщу 55-р хэкIуэдащ, 300-м щIигъур ягъуэта фэбжьхэм ихьащ.

Советыдзэм хэтахэм а щIыналъэм кърапащ къалэбыдапIэ цIыкIуу 179-рэ, Iэщэфащэ фэилъхьэгъуэ зэмылIэужьыгъуэу куэд, дзэ кърашыжар мази 3-кIэ зыхурикъуну щыта ерыскъыхэкIхэр, лъэмыжхэр, губгъуэ нэщIым щыпхраша гъуэгухэр, гъэсыныпхъэ гъэтIылъыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

ХэкIуэда лIыхъужьхэм сыт щыгъуи ди щхьэр яхудогъэщхъ, зауэм хэтахэм ящыщу иджыпсту псэухэм яхэлъа ерыщыгъэм хуэфэщэн пщIэ яхудощI. Абыхэм къатехуа фэбжьхэмрэ зауэм я гур зэрызыщигъэуамрэ къызэранэкIыфащ, гъащIэм езыхэм яхуэфэщэн увыпIэ щаубыдыжащ икIи иджыпсту IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытщ, жылагъуэ Iуэхухэр жыджэру зэрахьэ, щIалэгъуалэр Хэкум хуэпэжу гъэсэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI.

А мафIэ лыгъэм и Iэужь бзаджэр зэи хэгъуэщэнукъым. Абы и уIэгъэр мыкIыжауэ я гум телъщ псэзэпылъхьэпIэм и курыкупсэм хэтахэми, ар зи нэгу щIэкIахэми.

Афган зауэм щыIахэр ди республикэм и дежкIэ пщIэ зиIэ, IуэхукIэ сытым дежи укъэзыгъэпэж щIалэхэщ. Я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ къыпэкIуэу куэдым кърататщ орденхэмрэ медалхэмрэ.

Нобэрей махуэр пэжыгъэмрэ цIыхугъэмрэ я махуэуи къэплъытэ хъунущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, апхуэдэущ Афганистаным щызэуахэр дунейм зэрытетыр.

КъытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ, мамырыгъэр, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр республикэм, къэралым щыхъумэнымкIэ, цIыхубэр зэкъуэгъэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ нобэ дгъэлъапIэ махуэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# И гъащIэр мащIэми, езыр лъэужьыфIэт

**Политик лъэщу, къулыкъущIэ пэжу, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм ехъулIэныгъэфIхэр щаIэу лажьэ IэщIагъэлI цIэрыIуэу адыгэр зэрыгушхуэр мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ зи фэеплъ нэху дунейм къытезына, ноби зи цIэр фIыкIэ ираIуэ Тыркуин Анатолэ. Мэздэгу щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къахэкIа щIалэр балигъыпIэ щиувэм еджакIуэ здиунэтIар Налшыкщ. И хэкужь къихьэжу щIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, абы игъэзэжакъым, нэгъуэщI щIыпIэ Iэпхъуакъым, атIэ и щIэныгъэри зэфIэкIри и адэжь лъахэм къыхуигъэсэбэпу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуащ.**

ТЫРКУИН Анатолэ Тимофей и къуэр Ставрополь крайм хыхьэ Курской щIыналъэм щыщ Азэней къуажэм 1944 гъэм шыщхьэуIум и 12-м къыщалъхуащ. Иналхьэблэ дэт илъэсибл школым, Графскэ къутырым и курыт еджапIэм щеджащ. ИтIанэ Налшык къакIуэри, политехникэ техникумым, КъБКъУ-м щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ. Зы илъэскIэ прорабу лэжьащ, иужькIэ советыдзэм къулыкъу щищIащ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженер-техникэ факультетым и лаборант нэхъыжьу щытащ.

1970-1986 гъэхэм Тыркуиныр Налшык кооператив-ухуакIуэ техникумым и унафэщIым и къуэдзэу, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и управленэм и инженер нэхъыщхьэу, «Къэббалъкъгъуэгуухуэныгъэ» трестым и управленэм и унафэщIу щытащ.

1986 - 1993 гъэхэм Тыркуин Анатолэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу, Министрхэм я Советым и УнафэщIым и къуэдзэу лэжьащ. А зэманым Тыркуиным и нэIэм щIэту яухуащ щIы хъеиным пэщIэтыфыну псэупIэ унэхэр, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэр.

1991 гъэм абы къиухащ КПСС-м и ЦК-м епхауэ лажьэ Жылагъуэ щIэныгъэхэм я академиер. 1993 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэси 4-кIэ щытащ «Къэббалъкъконтракт» РКК-м и правленэм и пашэу. 1997 гъэм Тыркуиныр ягъэуващ республикэм Граждан зыхъумэжыныгъэмрэ щытыкIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ и Къэрал комитетым и унафэщIу. А къулыкъум зэрыпэрыта лъэхъэнэм къриубыдэу абы Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ нэгъуэщI щIыпIэхэм лэжьыгъэшхуэ щригъэкIуэкIащ цIыхухэр къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм, мафIэсхэм щыхъумэным ехьэлIауэ.

2004 гъэм и мэлыжьыхьым къыщыщIэдзауэ Тыркуин Анатолэ щытащ УФ-м и МЧС-м и Ипщэ щIыналъэ центрым и унафэщIым и къуэдзэу.

Гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ цIыхухэми лэжьыгъэми ябгъэдэта адыгэлIым и IэужьыфIхэр иджыри къыздэсым яIэт. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу щылэжьа зэманхэм абы иIа Iулыджымрэ зэфIэкIымрэ къызэрымыкIуэт. И унафэщIхэми, езым и унафэ щIэтхэми, и лэжьэгъухэми пщIэшхуэ къыхуащIырт Анатолэ.



Езыр зэрыцIыхушхуэм хуэдэу, гушхуэ кIуэцIылът абы. ЩIыналъэхэм унафэщIу щылажьэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ федеральнэ къулыкъущIэхэм зэрабгъэдэтыфми. Тыркуиныр абы и лъэныкъуэкIэ цIыху щыпкъэт, дэтхэнэми зэрыбгъэдыхьэн Iэмалрэ зэрепсэлъэн бзэрэ къигъуэтыфырт, и лэжьэгъухэри ныбжьэгъу къищIыфырт.

И пэкIэ хаша лъагъуэм тыншу ирикIуэну зыфIэфI къэрал къулыкъущIэтэкъым Анатолэ, атIэ щIэуэ зыгуэр иухуэну, гъуэгущIэ пхишыну зыпищI щыIэтэкъым. МЧС-м и нэхъыщхьэу щагъэувам, а IуэхущIапIэр ди республикэм щIэуэ щызэтригъэуващ абы, къудамэхэр зыхуей хуэзэу къызэIуихри, щылэжьэнухэри зыхуэфащэу къыхихащ. И цIыху щIыкIэкIэ, лэжьыгъэм зэрыхуэжыджэрымкIэ куэдым япэ ищыфырт Тыркуиныр. Къыпэщылъ къалэныр зыгуэрым пщэрылъ щищIу арэзыуэ зэи тIысыжыртэкъым адыгэ щIалэр, атIэ емытIысэхыу и нэкIэ зригъэлъагъун хуейт Iуэхур здынэсар, зэхихын хуейт абы пэрытхэм жаIэр.

Налшык щылажьэми, Анатолэ щыгъупщэртэкъым къызыдэкIа Азэней жылэри, къызыхэкIахэри. Ар сытым дежи сэбэп яхуэхъурт мэздэгу адыгэхэм, апхуэдэуи и лъэпкъэгъу зыдэс жылэхэм я зыужьыныгъэр и нэIэ щIигъэкIыртэкъым.

Тыркуинхэ Тимофейрэ Лидиерэ илъэс дахэ куэд къызэдагъэщIащ. КъащIэхъуа бынипщIым щыщу тхуращ балигъ хъуар, адрейхэр пасэу дунейм ехыжащ. Хъыджэбзищрэ щIалитIрэ зэдапIащ абыхэм, быным я нэхъыщIэр Анатолэт. Арат щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэри, унагъуэм пасэу къахэкIри, еджакIуэ Налшык къэкIуат. Еджэн къызэриухыу унагъуэ ищIащ, мэздэгу адыгэхэм ящыщщ Дэхъухэ япхъу Людмилэ щхьэгъусэ хэхъуащ. Унагъуэр дамэу зиIа цIыхухъухэм ящыщщ Тыркуиныр. Ар ноби гуапэу ягу илъщ нэхъ гъунэгъу дыдэу гъащIэм щиIахэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дыщызэдеджащ Анатолэрэ сэрэ. 1971 гъэм дызэрышащ. Илъэс 37-кIэ насыпыфIэу дызэдэпсэуащ, зыпхъу диIэщ, - жеIэ Людмилэ. - ЦIыху лъэрызехьэт Тыркуиныр, ауэ и гум псэхупIэ къритыртэкъым, езым ар къримыдзэ щхьэкIэ. Зыхуэсакъыжын зэрыхуейр сытым дежи жраIэ зэпытт, дохутырхэри и ныбжьэгъушхуэти, я чэнджэщ щыщIэртэкъым. И гур тIэу операцэ ящIащ, иужьрейуэ сымаджэ щыхъуам къахуегъэлакъым.

- ГушыIэ фIэфIт Анатолэ. Абы къикIыркъым сытым дежи хъыбар дыхьэшхэнхэр жиIэжу, атIэ Iуэхур здекIуэкIым абы хуэкIуэн гушыIэ, ауан гуэр игу къэкIыжынти, уигъэгушхуэнт, утригъэунт, - пещэ адэкIэ Людмилэ. – УнагъуэкIэ фIыт, хуэдэ къэгъуэтыгъуейт. Ди хъыджэбз закъуэм хуэнэхъуеиншэт. Езым и сабиигъуэм зыхущыщIауэ къилъытэ псори и сабийм зэрыритыным иужь итащ. АпхуэдизкIэ гулъытэшхуэ иIэу къигъэхъурти, щигъэкIыну къысщыхъурт. АрщхьэкIэ, Тхьэм и фIыщIэщ, хъыджэбзыр зэпIэзэрыту балигъ гъащIэм хэуващ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ, унагъуэ ихьащ, Пщыунэ Муратрэ ди хъыджэбз закъуэ Элинэрэ зы къуэ яIэу Москва щопсэу.

Анатолэ къыпхуэмыцIыхужыну зыдихъуэжат и пхъурылъхум. Абы дэрэжэгъуэу адэшхуэм къритыр зы пщалъэ гуэркIи къыпхуэлъытэнтэкъым. Уеблэмэ Анатолэ къыдэлажьэхэр иригушыIэу жаIэрт: «Тыркуиным и пэшым ущIыхьэрэ и пхъурылъхум ущIэупщIэмэ, апхуэдизкIэ къэгумэхэнущи, узыхуей псори асыхьэтым пхуэзэфIигъэкIынущ».

Артур езыри и адэшхуэм пищI щымыIэу къэхъурт, я псэр зы чысэм илъщ жыпIэну. Илъэс 21-рэ мэхъу Артур иджыпсту, и адэшхуэм хуэфащэу дунейм тетыну иужь зэритым, ар зэрыщымыгъупщэм сыщогуфIыкI сэри. Дадэ зыщIэса унэр, дадэ зэрыса машинэр – псори фIэлъапIэщ...

Тыркуин Анатолэ гуапэу зигу къэзыгъэкIыжыр и унагъуэм и закъуэкъым, атIэ ди республикэм щыщ къулыкъущIэ куэдым и цIэр фIыкIэ ираIуэ. Апхуэдэуи, илъэс бжыгъэ гуэр щрикъум деж, зэхыхьэхэр, фэеплъ пшыхьхэр Къэбэрдей-Балъкъэрми, Ставрополь крайми щыхуащI.

Дунейм дахэу тета, цIыхум гуапэу яхущыта, Iуэхум пэжу пэрыта адыгэлIым и лъэужьыр апхуэдэщ. И унагъуэм, къыдалъхуахэм, и ныбжьэгъухэм я Iуэху фIы хъуным и закъуэтэкъым ар щIэпсэури щIэлажьэри, атIэ и лъэпкъым и къэкIуэнур зэригъэдэхэным, и хэкум и зыужьыныгъэм псэемыблэжу хуэлэжьащ. Абы и лэжьыгъэфIым папщIэ къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэд. 1981 гъэм Тыркуиным къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр, къыфIащащ «УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар техникэ щIэныгъэхэм я кандидатт.

Илъэс 64-м иту дунейм ехыжащ Тыркуиныр. И гъащIэр мащIэми, лъэужьыфIэт Анатолэ. Ар хэкупсэ нэсу, хэкулI пэжу зэрыщытам фIыщIэ куэд къыхуихьащ псэуху, и фэеплъри мыкIуэдыжын зыщIар ариащ.

**ШЫПШ Даянэ.**



# Зи IэщIагъэм хуэIэижь

**Зым и дежкIи щэхукъым дохутыр IэщIагъэм ирилажьэхэм я нэхъыбапIэр гушхуэ зыкIуэцIылъ, узыр къызэIэ сымаджэм ар щхьэщихын папщIэ и къаруи зэфIэкIи щымысхь цIыхуу зэрыщытыр. Жэщ-махуэ ямыIэу, ахэр хьэзырщ къахуэныкъуэ дэтхэнэми дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну.**

ДОХУТЫР нэсхэм гурэ псэкIэ зыхащIэ я нэIэ щIэт сымаджэхэр зыгъэщхьэжагъуэхэр. ФIыщIэ ин зыпылъ си тхыгъэ кIэщIыр нобэ хузогъэпс дохутыр IэщIагъэр къыхэзыхауэ абы хьэлэлу ирилажьэ ди бзылъхугъэхэм ящыщ зым. Ар Емкъуж Дианэ Мурат и пхъурщ.

Тэрч къалэм дэт школхэм ящыщ зым курыт щIэныгъэ щызригъэгъуэта нэужь, Дианэ дохутыр IэщIагъэм щыхуеджащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым. Ар ехъулIэныгъэкIэ къиухри, и щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ щыхигъэхъуащ клиникэ ординатурэм икIи дохутыру щылэжьэну къигъэзэжащ щалъхуа щIыналъэм. Дианэ терапевт-реабилитологыу щыIащ Тэрч район сымаджэщым, Дей къуажэм дэт амбулаторэми и пашэу щытащ.

Пандемиер къэхъейуэ, коронавирус уз зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэр зэуэлIахэр щагъэхъуж сымаджэщым дохутырхэр къемэщIэкI хъуа нэужь, Дианэ Налшык ираджащ. Абы лъандэрэ блэкIа илъэситIым къриубыдэу терапевт Емкъужыр щолажьэ Налшык дэт къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м коронавирус зыпкърытхэм еIэзэнымкIэ и амбулаторэ центрым. Абы махуэ къэс екIуалIэ сымаджэ куэдым сэбэп яхуохъу дохутыр гумызагъэр. Дэтхэнэ сымаджэми ар хуэнабдзэгубдзаплъэщ, лъэкI псори хуищIэнуи хьэзырщ. Пщащэм хужысIэ дэтхэнэ псалъэри хуэфащэ дыдэщ икIи абы щыхьэт техъуэнущ Дианэ и нэIэм щIэту узыфэм пэлъэща сымаджэхэм ящыщ дэтхэнэри. Ди унагъуэми ди щхьэкIэ дгъэунэхуащ абы бгъэдэлъ медицинэ зэфIэкI лъагэр, цIыхугъэ нэсыр.

Коронавирусыр узыфэ шынагъуэщ, атIэми адыгэ бзылъхугъэ цIыкIур ерыщу хущIокъу ар зэуэлIахэм ятелъ бэлыхьыр нэхъ псынщIэIуэу зэращхьэщихыным. Дианэ сымаджэхэр игъэхъужым и закъуэкъым, атIэ а узыфэ хьэлъэм зэрызыщыпхъумэн хуейм теухуа псалъэмакъхэр ядрегъэкIуэкI цIыхухэм.

- Коронавирусыр узыфэ хьэлъэщ. Абы игъэсымаджэхэм сазэрыдэлажьэ зэманым къриубыдэу куэдрэ срихьэлIащ узыфэр зи фIэщ мыхъуу, ущызыхъумэ мастэр зыхегъэлъхьэныр къызыфIэмыIуэхуу, щытыкIэ хьэлъэм ихуахэм, - жеIэ Дианэ. – Мыбдежым мыхьэнэшхуэ иIэщ и чэзум дохутыр зэбгъэплъыным, узыфэм Iэпкълъэпкъым нэхъ кууэ зыщимыубгъу щIыкIэ. Узыфэ псори аращ, ауэ коронавирусым ехьэлIауэ жыпIэмэ, дэтхэнэ сыхьэтми дакъикъэми мыхьэнэшхуэ яIэщ абы упэлъэщынымкIэ.

Емкъужыр зыпэрыт IэнатIэр зэрыхьэлъэр гурыIуэгъуэщ. Махуэ къэс ди нэгу щIокI узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэхэм щеIэзэ сымаджэщхэм щылажьэ дохутырхэм я къалэнхэр я псэ емыблэжу, фронтым Iут пэлъытэу, зэрагъэзащIэр. Апхуэдэу, еш имыщIэу, и лэжьыгъэм пэрытщ Дианэ, сымаджэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъуным дапщэщи хуэхьэзыру. КъищынэмыщIауэ, ар хущIокъу бгъэдэлъ зэфIэкIми щIэныгъэми зэрыхигъэхъуэным. Абы и щыхьэтщ Дианэ кърата сертификатхэр, дипломхэр.

ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, гудзакъэрэ хэлъэтрэ зиIэ, сымаджэм гууз-лыуз хузиIэ дохутыр Iэзэ, цIыху гуапэ Емкъуж Дианэ дохъуэхъу узыншэу, и гур хэзыгъэщIын имылъагъуу куэдрэ псэуну. Абы хуэдэу, сымаджэм гурэ псэкIэ бгъэдэт, елIалIэ адрей дохутыр Iэзэхэми фIыщIэ ин яхузощI я лэжьыгъэфIым папщIэ. Узыншагъэ быдэ яIэу, я гъащIэр дахэу, я мурадхэр къайхъулIэу, я унагъуэхэм насып илъу куэдрэ Тхьэм игъэлажьэ!

**ХОЛАЕВЭ Марзият.**
*Сурэтым:* **ЕМКЪУЖ Дианэ.**

## Къыумылэжьар хьэлэлкъым

**КъБР-м и Лэскэн муниципальнэ районым и еджапIэхэм лэжьапщIэр тыным теухуа законодательствэр зэрыщагъэзащIэ щIыкIэр къыщапщытэм никъусаныгъэ къыщIагъэщащ.**

ЩIЫПIЭ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм кадр лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щытам КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и унафэ нэпцIхэр игъэхьэзыращ, егъэджакIуэхэр аттестацэм пхыкIа хуэдэу иту. Абы ипкъ иткIэ КъБР-м и Лэскэн районым и еджапIэхэм я лэжьакIуэхэм хабзэншагъэкIэ къаIэрыхьащ квалификацэ категориехэр, я улахуэм къыхущIагъуащ. Iуэхур зэрызыхъар ягъэкъуаншэ апхуэдэу щIищIам езыми и фейдэ хэлъауэ, Iулъхьэм щыгугъыу тхылъ нэпцIхэр зыхузэригъэпэщахэм фIыщIэ зыхуригъэщIын, я хэхъуэм щыщкIэ зыхуигъэуупсэн мурад иIауэ.

Районым и прокурорым, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 37-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и 2-нэ пунктым ипкъ иткIэ, тхылъхэр иригъэхьащ СледствиемкIэ управленэм и къудамэу Аруан щIыналъэм щыIэм.

## Зи пIалъэр икIа ерыскъыхэкIхэр

**Прохладнэ район прокуратурэм къипщытащ санитар-эпидемологие законодательствэм къигъэувхэр, цIыхухэр ерыскъыхэкI тэмэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа хабзэхэр зэрагъэзащIэр.**

А ЛЭЖЬЫГЪЭМ кърикIуахэм ящыщщ Благовещенкэ, Прималкинскэ, Алътуд къуажэхэм дэт тыкуэнхэм зи пIалъэр икIа ерыскъыхэкIхэр, абыхэм хуагъэув мардэхэмрэ я фIагъыр зыхуэдэмри къыщымыгъэлъэгъуауэ щащэу къызэрыщIагъэщар.

УФ-м и КоАП-м и 6.3-нэ статьям тету прокуратурэм Iуэхуи 3 къиIэтащ сатуущIхэр административнэ хабзэм зэребэкъуам теухуауэ икIи ахэр зэрызэхагъэкIым я нэIэ тетщ.

КъищынэмыщIауэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэри хуагъэувахэм хэплъэри, никъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжащ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### ИлъэситхукIэ лэжьэну хахыж

**Мазаем и 13-м ФРГ-м и президенту хахыжащ Штайнмайер Франк-Вальтер. А къулыкъур зыIэрагъэхьэну хущIэкъуащ Отте Макс («Германием папщIэ хэкIыпIэщIэхэр» партым къыбгъэдэкIыу), Траберт Герхард («Сэмэгухэм я партым» и лIыкIуэу), хэхакIуэ щхьэхуитхэм къагъэлъэгъуа Гебауер Штефани.**

Ар а къулыкъум пэрытщ 2017 гъэм къыщыщIэдзауэ икIи аргуэру илъэситху пIалъэкIэ лэжьэну дзыхь ирагъэзащ – Германием и федеральнэ зэхуэсым тхьэмахуэ махуэ блэкIам щекIуэкIа IэIэтым абы и телъхьэ хъуащ зэIущIэм хэтхэм я нэхъыбапIэр. Зэхуэсым и лIыкIуэ 1472-м щыщу Iэ хуаIэтащ 1045-м. Штайнмайер и кандидатурэр нэхъ пасэу даIыгъакIэт къэралым и парт нэхъ ин дыдэхэм.

Хэхыныгъэ Iуэхугъуэхэр зэфIэкIа нэужь президентым къэралым исхэми, дуней политикэм Iулыдж щызиIэхэми захуигъэзащ, «Европэм зауэ зэрыщемыкIуэкIыр дызэсэжа Iуэхущ икIи а хабзэм дяпэкIи дытетыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр гурыIуэгъуэщ. Германиер зы къэралыгъуэ дызэрыхъужрэ блэкIа илъэс 30-м ди гъунэгъухэм дагурыIуэу, зызэщIэдгъакъуэу дызэрыпсэур ди дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэщ. Ауэ иужьрей зэманым дэ зыхэтщIэ хъуащ мамырыгъэр езыр-езыру зэрыщымыIэнур, абы утелэжьэн, сыт хуэдэ Iуэхуми зэIухауэ тепсэлъыхьын, тегушхуэныгъэ тхэлъу абы дыкъыщхьэщыжын зэрыхуейр. Куэдрэ уризэдэуэфынущ Урысеймрэ КъуэкIыпIэмрэ щIызэгурымыIуэм, зэпаубыдхэм ятеухуауэ, ауэ абыхэми хэкIыпIэ къахуэгъуэтыпхъэщ», - жиIащ президентым.

### Удз гъэгъахэмкIэ псантхуэм йоIэзэ

**Бразилием и Саун-Паулу къалэм хабзэ гъэщIэгъуэн къыщокIуэкI: хьэгъуэлIыгъуэхэр щекIуэкIкIэ кърахьэлIэ удз Iэрамэ дахащэхэм я нэхъыбапIэр псантхуэ узыфэхэр зэфыкIхэр зыщIэлъ сымаджэщым яшэ.**

Дуней псом щыяпэу мыбы яужь щихьащ зи псантхуэр щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу зэтекIа цIыхухэм апхуэдэ щIыкIэкIэ еIэзэныр.

«Удз гъэгъахэр зыхуахь сымаджэхэр зэуэ нэхъ нэжэгужэ къохъуж, гъащIэм и IэфIыр зыхащIэу щIадзэж, - жеIэ дохутыр Алвес Анни Лаурэ. - Iэрамэхэр сымаджэхэм зэпкърахыжри, езыхэр зэрыхуейм, нэхъ зэрафIэдахэм хуэдэу зэхагъэувэж икIи зыр адрейм абыхэмкIэ хуоупсэ».

Дохутырхэм къызэрыхагъэщымкIэ, а Iэмалым зэрыхуекIуэрэ куэдым я узыншагъэр ефIэкIуэжащ икIи адрей къэралхэми ар къагъэсэбэпыну къыхураджэ.

Мазаем и 15,
*гъубж*

♦ **Лышх узыр зэфыкI сабийхэм ядэIэпыкъуным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысей Федерацэмрэ Беларусь Республикэмрэ щагъэлъапIэ я къалэн ягъэзащIэу нэгъуэщI къэралхэм щыхэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъ махуэр**

♦ **1960 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ япэ адыгэ сурэтыщI-скульптор **Къалмыкъ Фёдор.**

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Зумакулов Борис.**

♦ **1951 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыдакъ Рашид.**

♦ **1970 гъэм** къалъхуащ Израилым щыпсэу адыгэхэм ящыщ, щIэныгъэхэм я доктор, Кавказымрэ Шэрджэс щIыналъэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа **Хъун Яхья.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр градуси 4 - 2 щыхъунущ.

Мазаем и 16,
*бэрэжьей*

♦ **Литвам щагъэлъапIэ Урысеймрэ Германиемрэ я унафэм къыщIэкIыу я къэралыгъуэр щызэфIагъэувэжа (1918 гъ.) махуэр**

♦ **1571 гъэм** Иван Ябгэм Iэ тридзащ «Плъырхэм, гъунапкъэхъумэ IэнатIэхэм я IуэхукIэ» унафэм. Аращ Урысейм и дзэм теухуа япэ хабзэу къалъытэр.

♦ **1956 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, ЩIДАА-м и член-корреспондент, жылагъуэ лэжьакIуэ **Болэ Ильзитэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щIыIэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**



# Джылахъстэней зекIуэ

**КъБР-м и «Шууей хасэм» мазаем и 13 - 14-хэм иригъэкIуэкIа махуитI зекIуэм зэпищIащ Налшыкрэ Тэрчрэ.**

АДЫГЭХЭМ къадекIуэкI шы зехуэн IэщIагъэр егъэфIэкIуэныр, абы и хабзэхэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, Хэкум и щIыналъэхэр зэпыщIэныр – апхуэдэ мурад дахэхэрщ езышэжьар Къэбэрдеишхуэмрэ Тэрч щIыналъэмрэ я зэхуакум махуитIым и кIуэцIкIэ щызекIуа шухэр.

«Алыхьым и фIыщIэкIэ мис, «бисмиллахь» жытIэри гъуэгу дытеуващ, - жиIащ гупым я нэхъыжь Iустаз Гуэщокъуэ Абдул-Бакъий зекIуэм щхьэусыгъуэ хуэхъуам щытепсэлъыхьым. – ЩIэ псори блэжьурэщ зэрызэбгъащIэри зэребгъэфIакIуэри. ЗекIуэкIэ пщIэнри, узэгурыIуэу гъуэгу утетыфынри куэд и уасэщ. Псори къыдэхъулIащ Алыхьым и фIыщIэкIи, акъыл хэзылъхьами, шыIэныгъэ, чэнджэщ къызыбгъэдэкIахэми дахуэарэзыщ».

Фащэ зыщыгъ шухэр ди щIыналъэм и нэщэнэ зэрыхъужрэ илъэс зыбжанэ хъуакIэщ. Шухэм иджыри къэс ди республикэм, Адыгейм, КъШР-м, Шапсыгъым къыщакIухьамэ, иджы Джылахъстэнейри картэм къиххутащ. Гупыр Тэрч щепсыххэри, етIуанэ махуэм гъуэгу къытеувэжахэщ.

«Налшык - Тэрч зекIуэмкIэ» къызэIуихащ КъБР-м и Шууей хасэм 2022 гъэм и чэзур, - щетх «Рихьэния» напэкIуэцIым блогер КIуэкIуэ Мурат. - Адыгэшым и пщIэм зегъэубгъун, лъэпкъ фащэм и щIыхьыр къэIэтыжын, хасэм хэтхэм я зэхуакум дэлъ зэкъуэшыныгъэр нэхъ быдэ щIын – ахэращ гъуэгу техьахэм зыхуагъэувыжа мурадхэр. Гупым пашэ хуэхъуащ сыт хуэдэ зэмани жьы зыщIэт Iэпкълъэпкърэ гушхуэныгъэрэ зыдэплъагъу Гуэщокъуэ Абдул-Бакъий щхьэмахуэр. КъБР-р, Адыгейр, КъШР-р зэпызыщIэну зекIуэхэр дяпэкIи екIуэкIынущ».

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ТIум зэдащIэр щэхущи, щым зэдащIэр нахуэщ.**



# Къафэр бзэ хуэныкъуэкъым

**КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Унэжокъуэ Тимуррэ абы и щхьэгъусэ, КБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Заремэрэ зи художественнэ унафэщI, республикэпсо, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат, цIыхубэ къафэхэмкIэ «Шагъдий» ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэси 10 ирокъу.**

ГУПЫМ и утыку итыкIэр куэдым гунэс ящохъу. Ансамблыр жыджэру хэтщ республикэм, Урысейм и щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI щэнхабзэ фестивалхэм, къэфакIуэхэм я зэпеуэхэм. НыбжьыщIэхэр мызэмытIэу абыхэм пашэ щыхъуащ, я гъэсакIуэхэм я цIэр къыщраIуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, иджыблагъэ Налшык, Железноводск щекIуэкIа зэпеуэхэм «Шагъдий» ансамблыр пашэ зэрыщыхъуари. Куржым щыIа «Оранжевый Кобулети» дунейпсо фестивалым и Гран-прир къыхуагъэфэщащ ансамблым. Апхуэдэу гупыр ирагъэблэгъащ Сочэ къалэм щекIуэкIа дунейпсо кинофестивалымрэ «SIFFA» киносаугъэтымрэ, «Мелодии Кавказской Ривьеры» музыкэ фестивалым. Ансамблым къыхуагъэфэщащ «Русское исполнительское искусство» фондым и президентым и щIыхь тхылъыр. Псом хуэмыдэу ди лъэпкъ къафэхэмрэ фащэхэмрэ ятхьэкъу хамэ щIыпIэхэм къикIа хьэщIэхэр. Гупым, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм къадэкIуэу, Москва къалэм, Эстонием, Тыркум, Испанием, Франджым, Италием, Монакэм, Катарым зыкъыщагъэлъэгъуащ. Къафэ лIэужьыгъуэу 30-м нэблагъэ я репертуарым хэтщ. Аращ концертхэр щаткIэ я къафэхэм къытрамыгъэзэжу, щIэщыгъуэу сыхьэтитI-щыкIэ утыку щIитыфри.

«Шагъдий» ансамблым и гуп нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ ехъулIэныгъэфIхэр къыщахьащ Железноводск къалэ-зыгъэпсэхупIэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм нэгъабэ щекIуэкIа «Национальная премия имени Айседоры Дункан» V дунейпсо зэпеуэми. Ар къызэрагъэпэщащ иджырей къафэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа къэфакIуэ цIэрыIуэм и щIыхькIэ. Саугъэт нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ япэ увыпIищ ансамблым абы къыщихьащ.



Сабийхэр къафэм, лъэпкъ хабзэм дегъэхьэхын и лъэныкъуэкIэ «Шагъдий» ансамблым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ансамблым и гупищым хэтщ зи ныбжьыр илъэси 4-23-рэ ныбжьым къриубыдэу цIыху 200-м нэблагъэ. Сабийхэр Налшыки абы пэгъунэгъу къуажэхэми къокI. Гуапэщ нэгъуэщI лъэпкъхэри ди къафэхэм зэрыдахьэхымрэ зэрызыхуагъасэмрэ.

- Ди гъэсэнхэм зэпымыууэ яжыдоIэ УФ-м щапхъэу къыщалъыта «Нал цIыкIу» ансамблым хуэдэхэм дэплъеин зэрыхуейр. НыбжьыщIэхэр концертхэми дошэ, къафэм хуэдгъасэ къудей мыхъуу я нэгуи зыдогъэужь, кинотеатрхэмрэ зыплъыхьакIуэхэмрэ зэгъусэу докIуэ. ЦIыкIухэр абы нэхъри зэпэгъунэгъу ещI, зэдэлъхузэшыпхъум хуэдэу зэкъуегъэувэ. Сабийхэр къафэу щалъагъукIэ, я адэ-анэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ дэрэжэгъуэрэ гуфIэгъуэу я нэгум къищыр псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ, - жеIэ Заремэ.

Зи Iуэху бгъэдыхьэкIэ зиIэж зэщхьэгъусэхэм зэрыжаIэмкIэ, ныбжьыщIэхэр къафэм хуэбгъэсэным куэд къызэщIеубыдэ: лъэпкъ хабзэр, нэмысыр, дуней тетыкIэр, Iэпкълъэпкъыр екIуу Iыгъыныр, нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр, нэгъуэщIхэри. А псом къыдэкIуэу къафэр - узыншагъэщ. Абы зыхуэбгъэсэну зэи кIасэкъым. Курыт школ, еджапIэ нэхъыщхьэ къэзыухахэм я мызакъуэу, зи ныбжьыр илъэс 50-м нэблэгъахэри къокIуэ Тимуррэ Заремэрэ я деж. ИлъэсипщIым къриубыдэу къэфакIуэ минищым щIигъум Унэжокъуэхэ я школыр къаухащ. КъыжыIапхъэщ, абы я деж кIуэн щIэзыдзэхэр мазэ бжыгъэм къриубыдэу сценэм къызэрыщыфэр. Ансамблым хэт щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ дохутыр, юрист, къэфакIуэ, егъэджакIуэ, хьэрычэтыщIэ, нэгъуэщI IэщIагъэхэри зрагъэгъуэт. Нэхъыщхьэращи, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щIапIыкIа ныбжьыщIэхэм захуагъэм, пэжыгъэм, гуапагъэм я дерсхэр гъащIэ гъуэмылэ яхуохъу.

- ЩыцIыкIум къафэм зыхуэзыгъэсэну зи хъуэпсапIэу щыта куэдым яхэтщ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу ар къызэмыхъулIа. Зэрыт ныбжьым емылъытауэ лъэпкъ къафэхэм зыхэзыгъэгъуэзэну гукъыдэж зиIэ дэтхэнэми ди бжэр хузэIухащ. Къафэр бзэ хуэныкъуэкъым, гъунапкъи иIэкъым, - жеIэ Заремэ. – Къафэ гъуазджэм сызэрыхэт илъэс 30-м къриубыдэу зы щIалэ закъуэщ абы зезымыгъэсэфауэ срихьэлIар. Абы и щхьэусыгъуэри езыр зэрыхущIэмыкъуарщ.

Тимуррэ Заремэрэ щэнхабзэм, гъуазджэм пасэу дихьэхащ. Тимур Кэнжэ курыт школым и еплIанэ классым щIэсу хыхьащ къафэм. Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм Вэрокъуэ Руслан къафэм щыхуигъасэу щыта ныбжьыщIэхэм яхэтащ ар. ИужькIэ я къуажэм ирагъэблэгъа ДзыхьмыщI Къэралбий игъэсащ курыт школыр къиухыху. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым зэпеуэкIэ къыхиха къэфакIуэхэм ящыщ хъуат Тимур, дзэм къулыкъу щищIэу къигъэзэжа нэужькIэ абы хэтащ.

ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым щэнхабзэмкIэ и колледжыр къиухащ Заремэ. Пшынауэ Iэзэр зэпеуэ зыбжанэм пашэ щыхъуами, зэрысабийрэ къафэм дихьэхырт. Заремэ и хъуэпсапIэр къехъулIащ, ар къыщыфащ республикэм и ансамбль зыбжанэм.

- Си шыпхъухэр «Дети гор» ансамблым хэтти, си анэм пшынауэ сыхъумэ нэхъ къищтэрт. Мазэ бжыгъэкIэ сызыхэта къэфакIуэ гупым сыкъыхигъэкIыжауэ пшынэ сригъаджэрт, - игу къегъэкIыж Заремэ. – Си шыпхъу курыт Людэ илъэситхукIэ ансамблым къыщыфащ. Заринэ Тыркум и зы университетым и аспирантурэр къиухащ, абы къыщызэрагъэпэща къэфакIуэ гупми хэтщ. Абы я концертым сыхэтыну срагъэблэгъати, макъамэ зы-тIу сеуэу утыкум сыкъикIыжын хуея щхьэкIэ, сыхьэт псокIэ сыкъаутIыпщатэкъым.

Къыхэгъэщыпхъэщ, «Шагъдий» ансамблыр псапэ Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтыр, концертхэр ятурэ сабий сымаджэхэм зэрадэIэпыкъур. Апхуэдэу я пшыхьхэм пщIэншэу ирагъэблагъэ Сирием къикIыжа ди хэкуэгъухэр, республикэм щыIэ хьэщIэхэр, сабий сымаджэхэр, унагъуэ хуэмыщIахэм, бынунагъуэшхуэхэм ящыщхэр. КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэр я гъусэу зы утыку итщ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Сокъур Ольгэ, Нэхущ Чэрим, Хьэрэдурэ Динэ, Лосэн Тимур, ЦокIыл Азэмэт, Царикати Феликс сымэ, нэгъуэщIхэри.

Унэжокъуэхэ я унагъуэ дахэр хъуэпсэгъуэщ. ЩIалитIрэ зы хъыджэбзрэ яIэщи, адыгэ лъэпкъым и хабзэмрэ щэнхабзэмрэ щIэзыпIыкIым щIэблэ узыншэ, гъэса къызэрехъулIэм и щапхъэщ. Я нэхъыжь Ислъам илъэситI щрикъум къафэм дихьэхащ. Ар Истамбыл архитектор IэщIагъэм щыхуеджащ. Дисанэ къофэ, пшынэ йоуэ, уэрэди жеIэ. Абы ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым фортепианэмкIэ и классыр къиухащ, фIыуэ зэреджэм къыпэкIуэу Темыркъан Юрэ и стипендиер къихьу. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэIухуд - 2015» зэпеуэм щытекIуащ Дисанэ. Я нэхъыщIэ Идар цIыкIу къафэмрэ макъамэ Iэмэпсымэхэмрэ зыхилъхьэ щыIэкъым. И къуэш нэхъыжьым хуэдэу абыи архитектор хъуну и хъуэпсапIэщ. 2008 гъэм Унэжокъуэхэ я унагъуэр щытекIуащ «Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и унагъуэ нэхъыфI» зэпеуэм. Апхуэдэу зэщхьэгъусэхэм къыхуагъэфэщащ «За благие дела» орденыр, Дунейпсо Арт комитетым и «Сердце отдаю детям» орденыр. 2019 гъэм «Лучший социальный проект - 2019» урысейпсо зэпеуэм и «Лучший проект социального предпринимательства в сфере дополнительного образования и воспитания детей» унэтIыныгъэм хыхьэу Заремэ игъэхьэзыра лэжьыгъэм япэ увыпIэр къиихьащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Адыгэхэм я макъамэ Iэмэпсымэхэр

**Сыт хуэдэ лъэпкъми езым и дунеймрэ и щэнымрэ къэзыIуатэ макъамэ иIэжщ. Адыгэ макъамэхэм я зэхэлъыкIэ дахащэр къэзыгъэщIыр Iэмэпсымэ хьэлэмэтыщэхэщ, адрейхэм емыщхьщ.**



МАКЪАМЭХЭР къызрагъэкI Iэмэпсымэхэр я ныбжькIи, лъэкIыныгъэкIи, щIыкIэкIи зэхуэдэкъым, бжыгъэфIи мэхъу. Аращ ди макъамэхэр псоми къахэзыгъэщхьэхукIыр. «Органологие» щIэныгъэм зэфIэкI къыдет ди Iэмэпсымэ псори лIэужьыгъуэкIэ зэхэдгъэщхьэхукIыфIыну, я щIыкIэм, зэхэлъыкIэм нэIуасэ захуэтщIыну.

XIX лIэщIыгъуэм ирагъэкIуэкIащ Iэмэпсымэ щэнхабзэм ехьэлIа къэхутэныгъэхэр. Абыхэм уариплъэжмэ, нэхъ телъыджэ дыдэхэм ящыщщ Хъан-Джэрий и тхыгъэхэр. Абы зэритхыжымкIэ, Iэпэпшынэмрэ пшынэтIаркъымрэ къэзыгъэсэбэпыну хуиту щытар пщыхэмрэ уэркъхэмрэт. Къапщтэмэ, абыхэм я хьэщIэщым къыщIэIукIыу куэдрэ зэхэпхынут а Iэмэпсымэ хьэлэмэтхэмкIэ езыхэм ягъэзащIэ макъамэ удэзыхьэххэр. ГуфIэгъуэ Iуэхухэм деж джэгуакIуэхэр шыкIэпшынэ ирагъауэрт.

Адыгэ Iэмэпсымэхэм я щэнхабзэр джынымкIэ XX лIэщIыгъуэм и 80-90 гъэхэм КъардэнгъущI З., Къэгъэзэж Б., Хъурей Ф., Соколовэ А., ГъущI З., Левин С., Шу Ш., Вертковэ К. сымэ лъэбакъуэшхуэ ячауэ щытащ.

Къэгъэзэжым япэ дыдэу адыгэ органологием къыхилъхьащ кавказ лъэпкъхэмрэ адыгэхэмрэ я Iэмэпсымэхэр зэгъэпщэныр. Абы зэритхыжымкIэ, «Iэпэпшынэр шыкIэпшынэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыжьщ, ауэ иужьрейр нэхъыбэрэ къагъэсэбэпырт. ШыкIэпшынэм телъу щытар шыкIэ бзэпситIт, бзэкъум ищIар налъэ 60-70 хуэдиз хъу шыкIэ Iэрамэт».

Соколовэ А. адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэр гупиплIу егуэш:

1. идиофон - ПхъэцIыч;
2. Мембранофон - шотIырыпI;
3. Хордофон - шыкIэпшынэ, Iэпэпшынэ, пшынэкъэб, пшынэтIоркIуэ (пшынэ дыкъуакъуэ);
4. Аэрофон – къамыл, бжьамий, накъырэ, пшынэ.

Адыгэ макъамэхэр я жанркIэ гупиплIу зэщхьэщедз (Соколовэм зэритхымкIэ):

1. УзэдаIуэ макъамэ.
2. Укъызыдэфэ макъамэ.
3. Уэрэдым щIэт макъамэ.
4. Хабзэхэмрэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэмрэ ехьэлIа макъамэхэр.

Апхуэдэу, Соколовэм къызэрыхигъэщымкIэ, Iэпэпшынэр, бжьамийр, накъырэр, пшынэкъэбыр къагъэсэбэпыжыххэкъым, къапщтэмэ, адыгэ Iэмэпсымэхэм ящыщыр къамылыр, шыкIэпшынэр, пхъэцIычырщ.

Хъурей Ф. и къэхутэныгъэхэр зэтар нобэ Кавказым къыщагъэсэбэп макъамэ Iэмэпсымэхэмрэ къэралщIыбым щыIэхэмрэ зэгъэпщэнырщ икIи гулъытэ хэха хуещI шапсыгъ лъэпкъым и Iэмэпсымэхэм. Абы и тхыгъэхэм уриплъэмэ, аэрофонхэм къыхохьэ къэбгъурэ сыринэ; идиофонхэм – Iупэпшынэр, мажьэпшынэр, шуалъэр, шапсыгъ костаньетхэр; мембранофонхэм – пхъэбгъу, фэндырэкIэ, лъантрыпI.

ЖьыкIэ макъ зрагъэщI адыгэ Iэмэпсымэхэр лIэужьыгъуищу яугуэш. Абыхэм ящыщу **къамылыр** нэхъыжь дыдэхэм хабжэ. Ар нэхъыбэу къызыхащIыкIыу щытар и цIэм къегъэлъагъуэ - къамыл ку гъуанэт. ИужькIэ пхъэм къыхащIыкIыу щIадзащ. Ди зэманым ар гъущIым къыхах. Къамылыр адрей зэпщэ Iэмэпсымэхэм къазэрыщхьэщыкIыр зэрыфий сыринэ зэрыIумылъырт. Зы арщыным щIигъу зи кIыхьагъ къамылым и кур зэфэзэщу гъуанэт, мыдрей и кIапэм и гъунэгъуу гъуанэ зыщыплI ящIырти, ищхьэмкIэ дзэхэр, бзэгур, Iупэхэр зэуэ зэдагъэIэпыкъуурэ, фий макъ ирагъэщIырт. И макъыр дахащэт.

**Сыринэр** ижь – ижьыж лъандэрэ къагъэсэбэпу щыта, жьыкIэ макъ зыщI Iэмэпсымэхэм ящыщщ, ауэ иджыпсту ар зэрыщымыIэжым ипкъ иткIэ, и зэпкъырылъыкIэмрэ зэрылажьэмрэ утепсэлъыхьыну гугъущ.

**Пшынэ дыкъуакъуэ** (адыгэ арфа) - мыр адрей арфа лIэужьыгъуэхэм къащхьэщокI и щIэжьыуэм и щIыкIэмкIэ, бзэпс къэс егъэубыдыпIэ щхьэхуэ зэриIэмкIэ. пшынэ дыкъуакъуэм бзэпсу 10-20 телъщ. Бзэпсу ирашу щытар нэхъ макъ псыгъуэхэм папщIэ – бланэ лъынтхуэ, нэхъ гъумхэм папщIэ – мэл кIэтIий Iуэнтар гъэгъуауэ. Нэхъыбэу зезыхьэу щытар джэгуакIуэхэращ, нартхэм уэрэдыжьхэр щрашажьэкIэ пшынэ дыкъуакъуэкIэ дежьууэ щытащ. Пшынэ дыкъуакъуэм еуэ пщащэр (сыт хуэдэ ныбжьышхуэ зиIэ цIыхухъу щымысами) ягъэтIысырт, ущыту узэремыуэфым щхьэкIэ, икIи абы зыми емыкIу хуищIыртэкъым.

**Iупэпшынэмрэ мажьэпшынэмрэ** аэрофонхэм хеубыдэ, къызэрыдгъэлъэгъуащи. ЗэрыжаIэмкIэ, мажьэм пщIащэ бгъуэ тралъхьэрти, епщэрт.

**Iэпэпшынэр** бзэпситI зытелъ, шыкIэпшынэм нэхърэ нэхъ иныIуэу икIи нэхъ бгъуэуэ щытащ, мыбы IэпэкIэ еуэрт, бзэкъу щIымыгъуу. Бзэпсу щы зытелъи къахэхуэрт, щхьэж зэрыхуейуэ игъэпсу, ауэ нэхъыбэу зэрагъэпсыр квартэут – бзэпс къэс я зэхуакум макъиплI дэлъу. Иджы ди Iэпэпшынэр урыс балалайкэм къуилъхьэжауэ жыпIэ хъунущ, зэкъуэтIакъуэ дыдэщ узыхуэзэжыр.

**ПхъэцIыч** - нэхъ ныбжьышхуэ зиIэ Iэмэпсымэхэм ящыщщ. Пхъэбгъу пIащIэ цIыкIухэр (3-10) фэ Iуданэ зэпхыжауэ щIа Iэмэпсымэщ. Мыбы макъамэ къикIыркъым, уэрэдым е къафэм и макъамэр зыпIэм иту, и псынщIагъыр имыхъуэжу екIуэкIын папщIэ ар яхуэзыхъумэщ. Абы нэхъыбэм пшынэ щIэмытми, щIалэ гупым къафэ макъамэр жьэкIэ жаIэурэ, тIыркъэ макъым дежьут.

Зэрытлъагъущи, адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэм я зэхэлъыкIэр, теплъэр, макъыр телъыджэщ, дахэщ, удэзыхьэхщ. Псори димыIэжми, къытхуэнахэр адэкIи къагъэсэбэпыным, егъэфIэкIуэным, нобэрей зэманым декIуу зехьэным пыщIа Iуэхухэр кууэ джын, апхуэдэ еджапIэхэр къызэгъэпэщын, оркестрхэр, ансамблхэр зэхэшэн хуейщ. ИтIанэ Iэмэпсымэхэм, макъамэхэм я лъэныкъуэкIэ тIэщIэкIа ныкъусаныгъэхэр тхуэгъэзэкIуэжынущ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# «Иналым» и япэ хэхъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и еянэ джэгугъуэр Налшык дэт «ДыгъафIэ къалэм» и стадионым щызэхэтащ.**

ДЖЭГУГЪУЭМ и япэ махуэр къыщIадзащ «Шэджэм-2»-мрэ «Локомотив»-мрэ я зэIущIэмкIэ. Турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэм щыт гупхэм я зэпэщIэтыныгъэм щыдагъэкIа топ закъуэм налшыкдэсхэм я командэм зэхьэзэхуэр зэрыщIидзэрэ къихьа и етIуанэ текIуэныгъэр кърикIуащ.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ «Къэбэрдеймрэ» «КъБКъУ»-мрэ. Абы жэуапыншэ топищ я хьэрхуэрэгъухэм щахудигъэкIащ Шэрэдж Ищхъэрэ къикIа командэм. Иджырей текIуэныгъэм иужькIэ очко 16 иIэу зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм и ещанэ увыпIэм и закъуэу зыщигъэбыдащ «Къэбэрдейм».

Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ екIуэкIа зэIущIэхэм топ нэхъыбэ дыдэ щыдагъэкIащ «Автозапчасть»-мрэ «Шагъдиймрэ» я зэпэщIэтыныгъэм. Бахъсэндэсхэм пщIэнейрэ (!) хагъэщIащ зеикъуэдэсхэм я гъуэр. Иужьрейхэм абы и жэуапу иратыжыфар тIу къудейщ. Пашэхэм жыджэру якIэлъеIэ «Шагъдийр» иджы еханэ увыпIэм къыщынащ. «Автозапчасть»-м зэкIэлъхьэужьу текIуэныгъэ защIэкIэ иригъэкIуэкIа зэIущIэхэм я бжыгъэр 8-м нигъэсащ.

Еянэ джэгугъуэм и япэ махуэм иужьу екIуэкIащ «Спартак-Д»-мрэ «Тэрчымрэ» яйр. Налшыкдэсхэм я гъуэм топищ щыдагъэкIри зэIущIэм щытекIуащ «хьэщIэхэр». Къыхэдгъэщынщи, етIуанэ джэгугъуэм щыщу ягъэIэпхъуауэ щыта «Тэрчымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ я зэIущIэр мазаем и 9-м зэхэтыжащ. Абыи 5:0-у пашэныгъэр щаубыдащ Тэрч щIыналъэм и футболистхэм. Иджы щIымахуэ чемпионатым хэт командэхэм псоми зэхуэдиз зэIущIэ ирагъэкIуэкIа нэужь зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм япэ увыпIэр щызэдагуэш Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ Тэрч къалэ и «Тэрчымрэ». Ещанэ увыпIэм щыт «Къэбэрдейр» абыхэм очкоуэ 8-кIэ къакIэрыхуащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм «ДыгъафIэ къалэм» и джэгупIэ губгъуэм щызэIущIащ «Шэрэджымрэ» «Иналымрэ». Топ зырызкIэ зэхъуэжа командэхэм я зэпэщIэтыныгъэр зэрытемыгъэкIуауэ иухащ. Иджыри къыздэсым зы очкои зимыIа къэрэгъэшдэсхэм еянэ джэгугъуэм япэ хэхъуэ мащIэр къахуихьащ.

Зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм и иужьрей увыпIэхэм ящыщ зым къыщызэтеувыIа «Малка»-м аргуэру и насып къикIакъым. 1:4-уэ ар къыхигъэщIащ «Ислъэмейм».

Джэгугъуэм хиубыдэу зэрытемыгъэкIуауэ иуха зэIущIэхэр псори етIуанэ махуэм техуащ. Топ тIурытI зым адрейм и гъуэм дигъэкIри, мамырыгъэкIэ зэбгъэдэкIыжащ «Мурбек-ФШ»-мрэ «Нартанымрэ».

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и командэ нэхъыфIищым жыджэру якIэлъеIэ «Бабугент»-мрэ «ХьэтIохъущыкъуеймрэ» я зэIущIэм хухаха зэманыр 1:1-уэ иухащ. КомандитIри турнир таблицэм зэкIэлъхьэужьу еплIанэ, етхуанэ увыпIэхэм къыщызэтеувыIащ.

Республикэм футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и еянэ джэгугъуэм хиубыдэу екIуэкIа зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: *мазаем и 12-м:* **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **«Локомотив»** (Налшык) - **0**:**1**, **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхъэрэ) – **«КъБКъУ»** (Налшык) – **3**:**0**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) – **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) – **10**:**2**, «Спартак-Д» (Налшык) **– «Тэрч»** (Тэрч) – **0**:**3**; *мазаем и 13-м:* **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **«Инал»** (Къэрэгъэш) – **1**:**1**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **1**:**4**, **«Мурбек-ФШ»** (Налшык) – **«Нартан»** (Нартан) **– 2**:**2**, **«Бабугент»** (Бабугент) - **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) **– 1**:**1**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыну ебгъуанэ джэгугъуэм щызэIущIэнущ: мазаем и 19-м: «ХьэтIохъущыкъуей» - «Автозапчасть», «Инал» - «Бабугент», «КъБКъУ» - «Шэрэдж», «Тэрч» - «Шэджэм-2»; *мазаем и 20-м:* «Шагъдий» - «Малка», «Локомотив» - «Къэбэрдей», «Нартан» - «Спартак-Д», «Ислъэмей» - «Мурбек-ФШ».

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. .**«Автозапчасть»** | **8** | **8** | **0** | **0** | **39-7** | **24** |
| 2. **«Тэрч»** | **8** | **8** | **0** | **0** | **19-2** | **24** |
| 3. **«Къэбэрдей»** | **8** | **5** | **1** | **2** | **15-11** | **16** |
| 4. «ХьэтIохъущыкъуей» | 8 | 4 | 2 | 2 | 17-14 | 14 |
| 5. «Бабугент» | 8 | 3 | 4 | 1 | 9-6 | 13 |
| 6. «Шагъдий» | 8 | 4 | 0 | 4 | 10-18 | 12 |
| 7. «Ислъэмей» | 8 | 3 | 2 | 3 | 13-8 | 11 |
| 8. «Мурбек-ФШ» | 8 | 3 | 2 | 3 | 14-10 | 11 |
| 9. «Спартак-Д» | 8 | 3 | 1 | 4 | 7-10 | 10 |
| 10. «КъБКъУ» | 8 | 2 | 3 | 3 | 9-18 | 9 |
| 11. «Шэрэдж» | 8 | 2 | 3 | 3 | 16-19 | 9 |
| 12. «Локомотив» | 8 | 2 | 3 | 3 | 10-13 | 9 |
| 13. «Нартан» | 8 | 2 | 2 | 4 | 16-19 | 8 |
| 14. «Шэджэм-2» | 8 | 1 | 2 | 5 | 11-23 | 5 |
| 15. «Малка» | 8 | 1 | 0 | 7 | 12-24 | 3 |
| 16. **«Инал»** | **8** | **0** | **1** | **7** | **7-22** | **1** |

# МыIэрысэ тонни 6-м нэблагъэ

**Урысей МВД-м Лэскэн районым щиIэ къудамэм зыхуигъэзащ илъэс 59-рэ зи ныбжь цIыхубзым. Абы зэрыжиIамкIэ, бысымхэр зэрыщымыIэр къигъэсэбэпри, и адэм и унэ лъапсэу Аргудан къуажэм щыIэм зыгуэр дыхьащ икIи мыIэрысэ килограмм 5700-рэ, сом 171000-рэ и уасэу, дидыгъукIащ.**

КЪЭЛЪЫХЪУЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым полицэм и участковэ уполномоченнэхэм дыгъуауэ шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар илъэс 33-рэ зи ныбжь, нэхъапэми судым ирашэлIа, лей зытехьахэм я къуажэгъущ.

ЦIыхухъум илэжьамкIэ зиумысыжащ. Абы къидыгъуар ищэри, къыпэкIуа ахъшэр и щхьэ Iуэхум тригъэкIуэдакIэт.

Урысей МВД-м Лэскэн районым щиIэ къудамэм следствэмкIэ и IэнатIэм шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 158-нэ статьям и 2-Iэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

# Хуитыныгъэр нэхъ лъапIэт

**КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ, Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ хьэпшып, Iэмэпсымэ куэд, абы компьютерхэмрэ программэкIэ къызэгъэпэщынри хыхьэу, зэуIуу зыщэ фирмэхэм я зым и генеральнэ унафэщIым илэжьа щIэпхъаджагъэр.**

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ къызэратымкIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэм зыщегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ а IуэхущIапIэм республикэм и IэнатIэхэм я зым 2019 гъэм и бадзэуэгъэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ компьютер техникэ кърigъэшэным теухуауэ. Лъэныкъуэхэм я зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ фирмэм хуагъэхьащ сом мелуан 30,7-м щIигъу. Ауэ щыхъукIэ, ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, къыхуаутIыпщауэ ноутбукхэр зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа техническэ щытыкIэм хуэкIуэркъым. Абыхэм я уасэр сом мелуани 3,4-кIэ нэхъ лъапIэу къыщIэкIащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м СледствиемкIэ и управленэм генеральнэ унафэщIым теуха уголовнэ Iуэху къиIэтащ, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ шэч хуащIу икIи Iуэхур зэхагъэкI.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр: ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмкIэ я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, корректорхэу Инэрокъуэ Азэмэт (1, 2-нэ нап.), Елмэс ФатIимэ (3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894 • Тираж 2.076 • Заказ №271